

Nominasyon Misye Georges Gay kòm Antrenè Nasyonal an Chèf ak Direktè pou Pèfòmans Wo Nivo nan Pwogram Triatlon Olenpik Ayiti a

Ayiti, 1ye Out 2025 – Apre yon pwosesis seleksyon rijid, Inyon Ayisyen Triatlon (UHT) fyè pou anonse nominasyon Misye Georges Gay kòm antrenè nasyonal an chèf ak direktè pou pèfòmans wo nivo nan pwogram triatlon olenpik Ayiti a. Misye Gay pral gen pou dirije pwogram anbisye sa a pandan sik Olenpik 2028 ak 2032 yo, ak objektif pou fè triatlon ayisyen briye sou sèn entènasyonal.

Nan kad nouvo fonksyon li yo, Misye Gay pral responsab pou :

- fòme yon ekip nasyonal ki gen ladann atlèt ayisyen – gason kou fi – ki soti andedan peyi a ak nan dyaspora a, pou yo ka reprezante Ayiti ak fyète nan konpetisyon triatlon entènasyonal ;
- antoure tèt li ak yon ekip sipò kalib mondyal pou bay atlèt yo yon ankadreman wo nivo ki ann akò ak estanda entènasyonal yo ;
- prepare ak kowòdone plan antrennman ak konpetisyon pou pèmèt ekip nasyonal la pwogrese pou rive nan nivo elit mondyal la ;
- mete baz solid pou triatlon ann Ayiti atravè devlopman inisyativ lokal ak pwogram fòmasyon, pou asire kwasans ak kontinite espò sa a nan tout peyi a.

Misye Georges Gay se yon ansyen triatlet epi yon antrenè wo nivo ki gen anpil renome. Li te onore kòm “Antrenè Ane a 2022” pa Triathlon Québec, e kounye a li okipe pòs vis-prezidan nan federasyon sa a. Kounye a, Misye Gay ap viv nan Kanada. Li gen orijin ayisyen epi li kenbe yon gwo atachman pou Ayiti. Eksperyans li sou plan entènasyonal, pasyon li pou triatlon ak rasin ayisyen li fè li tounen lidè ideyal pou mennen pwojè nasyonal sa a.

Nominasyon sa a montre angajman pataje ant Inyon Ayisyen Triatlon (UHT) ak Komite Olenpik Ayisyen (KOA) pou tabli yon pwogram triatlon olenpik ki anbisye epi kap enspire. Ansanm, enstitisyon sa yo vize mobilize enèji ak talan, an Ayiti kou aletranje, pou bati yon ekip olenpik konpetitif ki pral pote espwa pou tout nasyon an.

Nou felisite ak tout kè nou Misye Georges Gay pou nominasyon sa a epi nou swete li anpil siksè nan nouvo fonksyon li yo. Lidèchip li, ansanm ak angajman tout moun ki enplike yo, ap san mank pèmèt triatlon ayisyen an rive nan pi wo nivo epi l ap enspire yon nouvo jenerasyon atlèt.



Eddy Baptiste Bazile
Prezidan, Inyon Ayisyen Triatlon (UHT)